

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan raket patalina jeung pamarekan katut métode panalungtikan. Dina désain panalungtikan digambarkeun galur panalungtikan ti mimiti masalah, métode panalungtikan, népi ka kacindekan. Pamarekan dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 1), pamarekan kualitatif nyaéta panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kondisi objék nu alamiah, di mana nu nalungtik salaku instrumén konci, téhnik pangumpulan data dilakukeun sacara gabungan, analisis data sipatna induktif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nékénkeun kana ma'na tibatan kana generalisasi. Ratna (2015, kc. 47-48) nambahkeun ciri-ciri nu paling penting dina pamarekan kualitatif, di antarana waé: (1) méré perhatian utama kana ma'na jeung pesen, luyu jeung hakékat objék, nyaéta salaku studi kultural; (2) leuwih ngutamakeun prosés dibandingkeun jeung hasil panalungtikan, ku kituna ma'na sok robah; (3) euweuh jarak antara subjék nu nalungtik jeung objék panalungtikan, subjék nu nalungtik salaku instrumén utama, ku kituna lumangsung interaksi langsung; (4) désain jeung rangka panalungtikan sipatna sementara, sabab panalungtikan mah sipatna terbuka; jeung (5) panalungtikan sipatna alamiah, lumangsung kana kontéks sosial budayana séwang-séwangan.

Dumasar kana pamarekan kualitatif, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif, Ratna (2015, kc. 34) ngébréhkeun yén dina wangenan nu leuwih jembar métode dianggap minangka cara-cara, stratégi pikeun méréskeun runtuyan sabab akibat satuluyna (Minangka alat, sarua jeung tiori). Métode miboga pungsi ngabasajankeun masalah, ku kituna leuwih babari dibéréskeun jeung disurtian, nu ngébréhkeun yén peran métode leuwih penting dina panalungtikan, nyaéta:


- 1) Nyingkahan cara méréskeun masalah jeung cara mikir nu spékulatif;
- 2) Nyingkahan cara méréskeun masalah atawa cara gawé nu sipatna *trial and error*;
- 3) Ngaronjatkeun sipat objéktivitas dina neuleuman kabeneran pangaweruh.

Dumasar kana pamarekan jeung métode panalungtikan di luhur, ieu panalungtikan didésain saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

Panalungtikan nu digunakeun nyaéta panalungtikan lapangan. Data dikumpulkeun ti lapangan ku cara ngadatangan informan. Ieu panalungtikan ngabahas ngeunaan Transfer pangaweruh kabudayaan lokal dina kasus dékulturasi kabudayaan di Kampung Adat Miduana nu boga sababaraha pasualan, nyaéta (1) kabudayaan asli anu aya di Masarakat kampung Adat Miduana (2) transfer kabudayaan di Masarakat Kampung Adat Miduana. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara wawancara, studi pustaka, jeung niténan/obsérvasi.



Activate Windows
Go to Settings to activate Window

Bagan 3.2
Galur Panalungtikan Kampung Adat Miduana

3.2 Partisipan jeung Tempat Panalungtikan

3.2.1 Partisipan

Dina pamarekan Creswell, bisa disebutkeun yén studi kasus mangrupa éksplorasi tina sistim kabeungkeut atawa kasus rupa-rupa pasualan, nu ti jaman ka jaman ngaliwatan pendataan teleb ngalibétkeun rupa-rupa informasi, euyeub dina hiji kontéks. Sistim ieu kabeungkeut ku waktu jeung tempat, bari kasus bisa diulik tina program, acara kagiatan atawa individu (Creswell. 1998). Fokus dina ieu panalungtikan téh luyu jeung anu dipedar ku Creswell, nyaéta ngagali informasi ti informan anu dipilih, minangka prosés ngumpulkeun data pikeun nganalisis pasualan anu ditalungtik, tapi tangtuna data anu dicangking téh lain ngan tina penyajian informan hungkul. Dicokot tina sumber séjén salaku panglengkep dina analisis teleb tina pasualan nu ditalungtik, salaku panglengkep dina nganalisis sacara jero ngeunaan pasualan anu ditalungtik.

Sumber data panalungtikan nyaéta informan ti Kampung Adat Miduana anu tempatna di Désa Balégedé Kacamatan Naringgul Kabupatén Cianjur. Aya salapan informan anu dijadikeun sumber data, anu wincikanana kieu:

Tabel 3.1 Daptar inporman

No	Jenengan	Atikan	Jabatan	Padamelan
1	Yayat Azhar	SLTA	Pupuhu Kampung Adat	Tani/Ngebon
2	Awan	SLTA	Ketua Pamuda Kampung	Tani/ngebon
3	Rustiman	S-1	Pupuhu Déwan Adat	Pensiunan
4	Suhman	SD	Ketua RT	Tani
5	Éman	SD	Ketua seni calung	Tani
6	Oon	MA	-	Guru ngaji, ngawarung
7	Jajat	SD	Ketua RW	Pengrajin sapu/tani
8	Eti	SD	-	Paraji/tani
9	Akih	SMA	Ketua Kesenian Wayang Gejlig	Tani/ngebon

Inporman I:

Jenengan : Yayasan Azhar
 Yuswa : 58 taun
 Atikan : SLTA
 Jabatan : Pupuhu Kampung Adat
 Padamelan : Tani/Ngebon



Inporman II:

Jenengan : Awan
 Yuswa : 50 taun
 Atikan : SLTA
 Jabatan : Ketua Pamuda Kampung
 Padamelan : Tani/Ngebon



Inporman III:

Jenengan : Kustiman
 Yuswa : 62 taun
 Atikan : S-1
 Jabatan : Pupuhu Dewan Adat
 Padamelan : Pensiunan PNS Disdik



Imporman IV:

Jenengan : Suhman
 Yuswa : 51 taun
 Atikan : SD
 Jabatan : Ketua RT
 Padamelan : Tani



Imporman V:

Jenengan : Eman
 Yuswa : 65 taun
 Atikan : SD
 Jabatan : Ketua seni calung
 Padamelan : Tani



Imporman VI:

Jenengan : Oon
 Yuswa : 58 taun
 Atikan : Madrasah Aliah
 Jabatan : -
 Padamelan : Guru ngaji, tukang warung



Imporman VII:

Jenengan : Pa Jajat
 Yuswa : 65 taun
 Atikan : SD
 Jabatan : Ketua RW
 Padamelan : Tani jeung
 pangraji sapu tamiang sangkir



Imporman VIII:

Jenengan : Ma Eti
 Yuswa : 53 taun
 Atikan : SD
 Jabatan : -
 Padamelan : Paraji jeung Tani



Imporman IX:


Jenengan : Akih
 Yuswa : 67
 Atikan : SMA
 Jabatan : Ketua kesenian wayang geljig
 Padamelan : Tani



Panalungtik nangtukeun salapan inporman pikeun panalungtikan ieu dumasar kana rujukan ti sababaraha pihak, di antarana: Tim Cagar Budaya kabupatén Cianjur jeung warga masarakat Kampung Adat Miduana. Iwal ti eta nu jadi cukang lantaran panalungtik milih salapan inporman di antarana tilu inporman eta, nyaeta jabatan anu dicangking ku maranehannana, genep inporman anu dipilih ku panalungtik.

3.2.2 Tempat Panalungtikan

Kampung Adat Miduana aya dina dataran anu luhur balukarna iklim wilayahna leuwih tiis dibandingkeun wilayah séjénna di sabudeureunna. Minangka Kampung Adat. Kampung Miduana nyaéta salah sahiji pakampungan anu ngabogaan ciri has masarakat Sunda. Sacara administratif Kampung Adat Miduana kacatet dina Pamaréntahan Désa Balégedé, Kacamatan Naringgul, Kabupatén Cianjur, Provinsi Jawa Barat, posisina ébréh dina péta ieu di handap.



Gambar 3.1 PETA KAMPUNG ADAT MIDUANA

3.3 Tehnik Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, salila ieu nu sering dipikawanoh nyaéta tés, *interview*, obsérvasi, atawa angkét (Sugiyono, 2011, kc. 60), ngébréhkeun dina panalungtikan kualitatif mah euweuh pilihan nu lain tibatan ngajadikeun manusa salaku instrumén panalungtikan nu utama. Alésanana mah sagala halna can miboga bentuk nu pasti. Masalah, pokus panalungtikan, prosédur panalungtikan, hipotésis nu digunakeun, komo hasil nu diharepkeun, éta kabéh teu bisa ditangtukeun sacara pasti jeung jelas saacanna. Sagala hal masih perlu dimekarkeun sapanjang éta panalungtikan. Dina kaayaan nu serba teu pasti jeung teu jelas, sarta euweuh pilihan séjén saukur nu nalungtikna sorangan salaku alat hiji-hijina nu bisa ngahontalna (Sugiyono, 2011, kc. 61-62). Ngébréhkeun yén nu nalungtik salaku instrumén panalungtikan miboga ciri-ciri saperti ieu di handap.

- 1) Nu nalungtik salaku anu boga réaksi kana sagala *stimulus* tina lingkungan nu kudu diperkirakeunana boga ma'na;
- 2) Nu nalungtik salaku alat nu bisa nyaluyukeun kana sagala aspék kaayaan jeung bisa ngumpulkeun rupa-rupa ragam data sakaligus;
- 3) Tiap situasi mangrupa sakabéhna. Euweuh hiji instrumén mangrupa tés atawa angkét nu bisa nangkep sakabéh situasi, iwal manusa;
- 4) Hiji situasi bisa ngalibatkeun interaksi manusa, teu bisa disurtian ku pangaweruh wungkul. Pikeun mikasurtina perlu sering ngarasakeuna, neuleuman dumasar kana pangaweruh;
- 5) Nu nalungtik salaku instrumén bisa langsung nganalisis data nu dimeunangkeun;
- 6) Saukur manusa salaku instrumén nu bisa nyieun kacindekan dumasar kana data nu dikumpulkeun dina hiji waktu;
- 7) Dina panalungtikan nu ngagunakeun angkét atawa tés nu sipatna kuantitatif diutamakeun réspon nu bisa kuantifikasi sangkan bisa diolah sacara statistik, sedengkeun nu méngpar mah diharé-harékeun.

- 8) Dina ieu panalungtikan digunakan tilu rupa instrumén, nyaéta padoman wawancara, (2) alat rékam, jeung (3) catétan lapangan.

3.3.2 Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun ngumpulkaen data nu informasi ngeunaan unsur-unsur budaya Kampung Adat Miduana ti kokolot kampung. Patalékan anu ditépikeun ka kokolot kampung dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha sajarah Kampung Adat sakaterang Bapa ti jaman kapungkur dugika ayeuna?
- 2) Kumaha susunan, tata cara jeung tahapan-tahapan nalika ngalaksanakeun ritual adat anu dilakukeun di Kampung Adat Miduana?
- 3) Kumaha dampak ajén-inajén kana kahirupan sosial budaya, ékonomi atawa agama?
- 4) Kumaha kasang tukang timbulna kabudayaan di kampung adat miduana?
- 5) Kumaha prosés kabentukna kabudayaan? Inisiatif saha? Saha anu munggaran mikirkeun Kampung Adat Miduana?
- 6) Kumaha bentuk Kampung Adat ditingali tina watesan?
- 7) Naon waé eusi tina kabudayaan di Kampung Adat Miduana?
- 8) Kumaha prosés ngawariskeun kabudayaan? Kumaha réspon masarakat kana kamekaran jaman?
- 9) Kumaha peran kétéua adat dina ngawariskeun budaya?
- 10) Kumaha tanggapan masarakat dina waktu sosialisasi ngawariskeun kampung adat?
- 11) Kumaha gawé bareng tokoh jeung masarakat di kampung adat ieu?
- 12) Kabudayaan naon waé anu katinggali di Kampung Adat Miduana? (contona: baju, pakakas dapur, jeung kasenian).
- 13) Kabudayaan naon waé anu sifatna lisan di kampung adat miduana anu katinggali? (conto: piwuruk sepuh jaman kapungkur, dongéng, folkloré, jeung hal naon waé anu diwariskeun ka entragan handap ngaliwatan lisan dina unsur kabudayaan).
- 14) Aya kapamalian teu di kampung adat miduanan? Lamun aya naon waé?
- 15) Kumaha pamadegan sadérék nalika nyanghareupan jaman globalisasi?

16) Saran pikeun panalungtikan ieu?

3.3.3 Alat Rékam

Alat rékam nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) – Wangun : *Handphone*
 - Spék : modél SM-A515F/DSN, Prosésor 2,4 GHz, Ram 8GB
 - Mérék : Samsung Galaxy A51 4G
- 2) – Wangun : *Handphone*
 - Spék : Prosésor 2,4 GHz, Ram 12 GB, Vérsi Android 13
 - Mérék : Vivo T1 5G

3.3.4 Catetan Lapangan (*Field Note*)

Dina panalungtikan lapangan, salian ti ngarékam panalungtik nyatet sagala rupa informasi nu diperlukeun ti Kampung Adat Miduana. Hal-hal anu bakal dicatet téh, nyaéta

- 1) Sajarah Kampung Adat Miduana
- 2) Ritual adat nu aya di Kampung Adat Miduana
- 3) Kahirupan sosial, ékonomi, jeung agama
- 4) Wangun Géografis dumasar kana wates daérahna
- 5) Eusi tinu kabudayaan Kampung Adat Miduana
- 6) Tata Cara ngawariskeun kabudayaan
- 7) Pangaruh kamekaran jaman kana kabudayaan kampung Adat Miduana
- 8) Kamandang masarakat atawa wawakilna nalika nyanghareupan jaman *globalisasi*
- 9) Ajén inajén nu aya di Kampung Adat Miduana
- 10) Tradisi lisan nu aya di Kampung Adat Miduana

3.3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Kegiatan ngumpulkeun data mangrupa bagian penting tina prosés panalungtikan Sugiyono (2011, kc 225), ngébréhkeun yén sacara umum aya opat téhnik pangumpulan data, nyaéta obsérvasi, wawancara, dokuméntasi, jeung gabungan. Dua téhnik ngumpulkeun data dina panalungtikan nyaéta obsérvasi partisipan, jeung wawancara. Fraenkle (2006, kc. 516), ngébréhkeun yén wawancara mangrupa alat nu utama digunakeun dina panalungtikan jeung nu paling umum nyaéta wawancara informan. Obsérvasi partisipan ngagabungkeun partisipasi dina kahirupan jalma nu bakal ditalungtik kalayan profésional ngajaga jarak nu ngamungkinkeun obsérvasi jeung ngarékam data. Aspék nu paling penting dina obsérvasi partisipan nyaéta butuh diménsi dina budaya.

Kaakuratan meunangkeun data gumantung ka nu nalungtikna, sabab éta prosés nyokotan data teu langsung sakali jadi, malahan mah sababaraha kali prosés ulangan dimana nu nalungtik bakal ngalakukeun gerakan maju mundur dina usaha meunangkeun tingkat akurasi data nu makin alus.

Dina ngumpulkeun data digunakeun tilu téhnik, nyaéta wawancara, obsérvasi, jeung ulikan pustaka.

3.3.5.1 Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngajaring data ngeunaan kaayaan di Kampung Adat Miduana, boh ngeunaan kahirupan sapopoéna boh ngeunaan adat kabudayaanna nepi ka kasenianna. Unsur-unsur budaya nu dikumpulkeun ngawengku (1) kapercayaan (2) kaweruh, (3) sosial, (4) kasenian, jeung (5) norma jeung sanksi

3.3.5.2 Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun niténan kumaha cara transfer pangaweruh dékulturasi di Kampung Adat Miduanan. Kadua éta téhnik silih lengkepan, data nu teu kapanggih tina obsérvasi bakal dilengkepan ku data tina wawancara. Éta dua téhnik

téh bakal dibantuan ku alat rékaman jeung cutatan. Rékaman pikeun data wawancara, ari cutatan pikeun nyatet hal-hal naon waé nu kudu dicatet ngeunaan di sabudeureun Kampung Adat.

3.3.5.3 Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka atawa ulikan pustaka dipaké pikeun ngajaring data nu teu kapanggih dina wawancara jeung obsérvasi. Ku cara ngumpulkeun buku sumber nu aya patalina jeung data nu bakal ditalungtik, upamana waé, informasi ngeunaan kampung adat.

3.4 Analisis Data

Bogdan jeung Biklen (Meleong, 2007, kc. 248), ngébréhkeun yén analisis data kualitatif mangrupa upaya nu dilakukeun kalayan jalan gawé jeung data, ngaorganisasikeun data, dipilih jadi ngahiji nu bisa dikokolakeun, néangan jeung manggihan pola, manggihan nu penting jeung bisa diteuleuman, jeung mutuskeun nu bisa dicaritakeun ka batur.

Di pihak séjén, Seiddel (Meleong, 2007, kc. 248) ngébréhkeun yén prosés analisis data kualitatif saperti di handap ieu.

- 1) Nyatet nu ngahasilkeun cutatan lapangan, tuluy béré kode sangkan datana tetep bisa dipaluruh;
- 2) Ngumpulkeun, milihan, ngaklarifikasi, nyieun ikhtisar jeung indéksna;
- 3) Mikir, sangkan kategori éta data miboga ma'na, néangan jeung manggihan pola sarta hubungan-hubunganana, jeung nyieun timuan-timuan umum.
- 4) Kacindekkan, ngawengku inpormasi-inpormasi penting dina panalungtikan

Miles jeung Huberman (1994, kc. 12) ngébréhkeun yén aktipitas dina analisis data kualitatif dilakukeun sacara interaktif jeung lumangsung sacara tuluy tumuluy nepi ka tuntas, tur datana pinuh. Aktipitas dina analisis data, nyaéta (1) réduksi data, (2) pidangan data, jeung (3) vérifikasi data atawa kacindekan.

Réduksi data, data nu dimeunangkeun ti lapangan jumlahna loba, perlu dicatet sacara daria jeung wincik. Ngaréduksi data hartina: ngarangkum, milih hal-hal nu

poko, pokus kana hal-hal nu penting, ditéangan téma jeung polana, sarta miceun nu teu perlu. Data nu geus diréduksi bakal méré gambaran nu jelas jeung ngagampangkeun nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data satuluyna.

Pidangan Data, sabada data réduksi, aya langkah satuluyna nyaéta nyajikeun data. Display data dina panalungtikan kualitatif bisa dilakukeun dina bentuk: uraian nu singget, bagan, hubungan antar kategori, jrrd.

Kacindekan (*Conclusion Drawing*) awal nu dilaporkeun sipatna masih samentara, jeung bakal robah mun teu manggihan bukti-bukti kuat nu ngarojong kana tahap ngumpulkeun data satuluyna. Tapi mun kacindekan geus dirojong ku bukti-bukti nu valid jeung konsistén nalika nu nalungtik balik deui ka lapangan ngumpulkeun data, jadi kacindekan nu dilaporkeun mangrupa kacindekan nu bisa dipercaya.